

Gid Rezidansyèl pou  
**JETE FATRA**  
ak  
**RESIKLAJ**  
nan Collier County



[Colliercountyfl.gov/solidwaste](http://Colliercountyfl.gov/solidwaste) (239) 252-2380



## Lis sijè

<b>Sèvis ak etablisman yo</b>	1
<b>Sèvis ranmasaj fatra arebò lari ak sèvis pou jete fatra</b>	2 - 3
<b>Gwo atik ak fatra ki sot nan lakou</b>	4 - 5
<b>Fatra ki danjere nan kay</b>	6 - 7
<b>Byen fè resiklaj</b>	8 - 9
<b>Resiklaj nan mezon kolektif</b>	10
<b>Montre w entelijan anrapò ak lous ak awozaj</b>	11
<b>Ranmasaj debri apre katastwòf</b>	12 - 13
<b>Enstalasyon yo ak orè</b>	Kouvèti pa dèyè a

# Sèvis ak enstalasyon yo nan Collier County

Divizyon Jesyon Fatra Solid ak Fatra ki Danjere jere kesyon ranmase fatra nan kay, materyèl ki ka resikle, sèvis fatra ki sot nan lakou ak gwo fatra nan tout Collier County.

Waste Management, Inc. Florida ak Waste Pro of Florida se transpòtè ki gen kontra ak Collier County pou ranmase fatra solid nan kay yo. Yo sèvi tout zòn nan konte a eksepte vil Naples.

Anplis de fatra solid arebò lari a, resiklaj, fatra ki sot nan lakou, ak ranmasaj gwo atik, Collier County opere plizyè sant pou depoze bagay ki ka resikle pou ranmase ak byen jete fatra ki danjere ki sot nan kay yo. Nou ka pote atik ki ka resikle yo nan sant sa yo ki byen sitiye pou ou.

Misyon Divizyon Jesyon Fatra Solid ak Fatra Danjere nan Collier County la pou bay sèvis jesyon fatra solid ki pi bon, ki gen pi bon kalite, e ki dirab ki konble atant kliyan nou yo pandan n ap pwoteje anviwònman an. Sa bon pou pwolonje lavi depotwa yo epi prezève Collier, bél Konte nou an.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram Collier County yo, vizite [colliercountyfl.gov/solidwaste](http://colliercountyfl.gov/solidwaste). Tanpri rele sèvis kliyantèl nou an, ki amikal, nan (239) 252-2380 pou w jwenn enfòmasyon presi.





## Sèvis ranmasaj ak eliminasyon Fatras ki arebò lari

Ranmasaj ak eliminasyon fatra solid ki arebò lari Sèvis yo gen ladan l:

- Ranmasaj fatra nan kay ki **arebò lari** de fwa pa semèn
- Ranmansaj bagay ki ka **resikle** yon fwa pa semèn
- Ranmasaj **fatras lakou** yon fwa pa semèn
- Ranmasaj **gwo atik** yon fwa pa semèn
- Rele pou planifye ranmasaj **gwo atik espesyal** (elektwonik, kawoutyou, batri, aparèy elektwomenaje)

Mete fatra ki lakay ou nan charyo kouvèti koulè vèt la e bagay ki ka resikle nan charyo kouvèti koulè jòn nan ak kouvèti yo byen fèmen. Yo asiyen charyo fatra ak charyo resiklaj yo pou adrès kay ou a, se pa pou moun ki ret nan kay la. Si w al ret yon lòt kote, tanpri kite charyo a nan kay la. Chak kay gen de charyo resiklaj ak yon charyo fatra. Ou ka achte lòt charyo.

Ou dwe mete charyo w yo ak materyèl yo bò lari a pou bi bonè 6 pm nan sware anvan an e pou pita 6 am nan jou ranmasaj la. Ou dwe mete mete charyo yo omwen twa pye youn parapò ak lòt, parapò ak bwat kote yo mete lèt yo, ak lòt obstak. Kliyan yo dwe retire charyo yo ak materyèl yo arebò lari a 6 a.m nan jou apre yo fin ranmanse fatra a.



Pou demann enfòmasyon konsènan fatra solid oswa resiklaj rele Sèvis kliyan an nan (239) 252-2380 de lendi a vandredi apati 8 a.m. a 5 p.m. Chwazi opsyon de pou Fatras Solid e apre sa opsyon en pou èd ak sèvis fatras solid tankou livrezon nouvo charyo, ranplasman charyo oswa lòt charyo.



Si w pa wè charyo w la, yo vòlè l oswa li andomaje, y ap ranplase l gratis. Si yo oblige ranplase charyo a akoz neglijans kliyan an, yo ka mande w peye pou sa, e anplis de sa w ap peye tou pou frè livrezon an. Rezidan yo responsab pou yo netwaye pwòp charyo yo. Yo pap fè echanj charyo pou charyo ki sal.

Si w jwenn yon etikèt sou charyo a, tanpri pran san w pou w li l. Retire materyèl ki pa konfòm oswa materyèl ki ka kontamine.

## PWOGRAM RANMASAJ NAN JOU FERYE

Pap gen ranmasaj nan:

- **Kat jiye**
- **Jou Aksyondegras**
- **Jou Nwèl**

Pap gen yon jou pou rekipere jou w rate a. Si jou ranmasaj ou a tonbe nan youn nan jou ferye sa yo, yo pral ranmase fatra w yo, bagay pou resikle w yo, gwo atik ou yo ak fatra ki sot nan lakou w yo nan pwochen jou yo te pwogram pou ou a.





## Gwo atik ak Fatra lakou

Ou ka mete gwo atik yo arebò lari nan jou y ap pase ranmase resiklaj yo ak gwo atik yo. Gwo atik yo gen ladan yo atik menaje, bisiklèt ak lòt atik ki twò gwo pou mete nan charyo vèt la. Gwo atik yo p'ata dwe depase 4 pouz ak/oswa 50 liv.

Tanpri rele (239) 252-2380, 48 èdtan alavans pou ranmasaj fatra ki gwo. Pwogram pou gwo atik yo gen ladan l:



- **APARÈY MENAJE**

tankou frijidè, fou, machin pou lave vesò, machin a lave ak lòt aparèy elekwomenaje nan kay. Nou dwe retire pòt yo pou evite timoun fèmen anndan yo e ou dwe retire tout sa ki anndan yo.



- **ELEKTWONIK**

- **TKAWOUTYOU ak BATRI MACHIN**



Ou ka jete de batri machi ak kat katwoutyou machin estanda ki jiska 33 pouz, ak jant oswa san jant pa mwa.

**Konsey ekspe!** Pou anpeche dife ak blesi- ou de retire tou batri ak likid ki sot nan aparèy elektwonik yo. Vizite paj 14 la pou lis kote ou ka depoze yo.

## DEBRI KONSTRIKSYON AK DEMOLISYON

Ou ka depoze debri ki sot nan ti pwojè brikolaj ou nan charyo fatra koulè vèt ou a. Si li pa antre nan charyo a, PA mete l sou twotwa a. Kontraktè a ta dwe retire materyo sa yo oswa pwopriyetè kay la ka pote yo nan yon Depotwa Collier County pou yo ka jete yo kòmsadwa.



Yo ranmase **FATRA LAKOU** arebò lari a nan jou yo ramanse bagay ki ka resikle pou ou yo. Nou ka gen yon total 10 pakè fatra ki sot nan lakou, sache papye ki pou fatra ki sot nan lakou ak resipyen pèsonèl chak fwa yo pase ranmase fatra. Pandan jou ferye yo, yo ranmase abdenwèl yo kòm fatra lakou. *Retire giland ak dekorasyon yo.*

Pou asire w yo ranmase fatra lakou w yo tanpri suiv etap sa yo:

## 1 PAKE LI

Pakè yo dwe peze mwens pase 50 liv, yo dwe mare ak fil ki ka sipòte pwa pakè a epi yo pa pi long pase 4 pye. Branch yo pa dwe pi laj pase 4 pouz an dyamèt.

## 2 METE L NAN SACHÈ

Itilize SÈLMAN sachè papye pou fatra oswa sachè an papye pou met pwovizyon. Yo pap aksepte sachè plastik. Mete tout fèy, zèb ak lòt fatra ki sot nan jaden nan sachè.

## 3 METE L NAN RESIPYAN

Ou ka itilize resipyen pèsonèl ki mezire jiska 45 galon ki peze mwens pase 50 liv lè yo plen. Fatra ki sot nan lakou yo pa ka depase plis pase 12 pouz sou tèt resipyen an.



## Fatra ki danjere ki sot nan kay

Chak jou, nou sèvi ak anpil pwodui pou nou netwaye, repare ak fè antretyen nan kay nou, machin nou, jaden nou ak pisin nou. Anpil nan pwodui sa yo gen sibstans ki danjere pou moun, bòt domestik, oswa anviwònman nou an. Rete an sekirite lè w byen jete yo, kenbe yo nan resipyen orijinal yo e byen bouche epi pa melanje yo ansanm.

### BON FASON POU N JETE FATRA

Toujou jete pwodui ki danjere yo kòrèkteman e yon fason responsab. Pa vide yo nan tè a oswa nan drenaj pou dlo lapli. Pote fatra danjere ki sot nan kay nan sant ki la pou depoze yo ki pi pre w pou jete yon fason ki san danje pou anviwònman an. Ou ka gen pou w peye yon ti frè pou kèk atik. Pa janm mete pwodui chimik oswa lòt materyèl danjere nan charyo fatra/bagay ki ka resikle pa w la, sa ka lakòz kamyon an pran dife.

### Konnen pwodui danjere ki lakay ou

#### ANNDAN KAY LA

- Sprey ayewozòl
- Pwodui netwayaj yo
- Lwil pou kuit manje
- Pwodui pou netwaye tiyo ki bouche
- Anpoul fliyoresan
- Detèjan pou fè lesiv
- Batri - tout kalite
- Ekstenktè pou etenn dife
- Bagay ki file (zegwi) dwe nan vesò plastik ki apwouve

*Konsèy ekspè! Pou jwen kote yo aksepte medikaman,  
vizite [www.drugfreecollier.org](http://www.drugfreecollier.org)*



## NAN GARAJ LA

- Likid ki soti nan machin, lwil motè ize ak filtè
- Batri machin ak bato
- Gaz, kòl ak lwil grès
- Tèmomèt
- Penti, tach, pwodui pou sele (anpeche dlo pase), solvan ak pwodui netwayaj
- Fize ak katouch zam

## POU LAKOU A

- Pwodui pou touye move zèb ak ensèk
- Angrè
- Kloròks ak atik pou pisin
- Tank pwopàn
- Pwazon rat

**Sant pou depoze bagay ki ka resikle yo aksepte tou sa ki annapre yo:**

- Aparèy elektwonik
- Katon
- Feray
- Dechiktè Papye
- Kawoutyou
- Mous polistirèn

Gade paj nan do a pou lokal yo. Pou yon lis aktyèl materyèl ki akseptab ak tarif yo, vizite [Colliercountyfl.gov/dispose](http://Colliercountyfl.gov/dispose)



## Byen fè resiklaj


### Li fasil tankou



1 2 3

- 1** Pa mete manje ak likid nan bagay ki pou resikle.
- 2** Sachè plastik yo pa dwe lach e yo pa aksepte bagay ki ka resikle ki nan sachè. Bagay kika resikle yo pa dwe mare nan charyo a.
- 3** Mete charyo yo arebò lari a Avan 6 a.m. nan jou y ap pase ranmase a, oswa aprè 6 p. m. nan sware anvan, kite twa pye ant youn ak lòt ak lòt objè pou ranmasaj otomatize.

*Konsèy ekspè! Resèvi ak sachè plastik oswa aprann kote w ka resikle yo nan bagandfilmrecycling.org*



## Fè tout efò w pou resikle atik sa yo:

Boutèy ak resipyan an plastik.

**Konsèy ekspè!** Resikle plastik sèlman si li gen fòm tankou yon boutèy, po, bokal, oswa kivèt. Kite yo bouche.



Kanèt ki te gen manje ki an metal ak kanèt ki te gen bwason ki fet ak eten, aliminyòm ak asye

**Konsèy ekspè!** Rense tout kanèt yo anvan w mete yo nan charyo a.



Boutèy ak po an vè.

**Konsèy ekspè!**

Boutèy ak po an vè ki klè, koulè mawon ak vèt.



Papye, katon, bwat sereyal, papye, magazin, jounal, katon lèt ak bwat ji.

**Konsèy ekspè!**

Plati gwo bwat yo pou pèmèt plis espas nan charyo w la. Papye ki sal e ki mouye, bwat pitza ki gen grès yo dwe ale nan fatra.



## Reziklaj nan Mezon kolektif

Si w ap viv nan yon kondominyòm oswa yon biling ki gen plizyè fanmi ki abite ladan l, sèvi ak resipyen kouvèti jòn nan pou resiklaj. Gade paj resiklaj la nan ti bwochi sa a oswa sou sit entènèt nou an pou w jwenn yon lis konplè bagay ki ka resikle yo aksepte yo. Konsilte manadjè pwopriyete w la sou fason pou jete gwo atik yo.



**Resiklaj  
obligatwa pou tout pwopriyete ki gen  
plizyè fanmi dапre Odonans 2009-56.**

**Kite nou ede enfòme kominote w la sou  
pi bon fason pou prezève anviwònman  
an oswa si li bezwen asistans pou mete  
sou pye yon pwogram resiklaj rele  
(239) 252-2380 oswa resiklaj imel @  
colliercountyfl.gov.**

## RANMASAJ ABDENWÈL

Lè jou ferye a fini, kontakte manadjè pwopriyete plizyè fanmi an pou enstriksyon sou plas oswa jete abdenwèl natirèl nan sant lokal pou depoze bagay pou resiklaj yo. *Retire giland ak dekorasyon yo.*



## Montre w entèlijan anrapò ak lous

Kenbe fatra w an sekirite pou kenbe lous yo lwen.

- Tout resipyan ki gen fatra solid ak sachè plastik ki gen fatra nan kay la ta dwe toujou sekirize anvan yo mete yo arebò lari a pou yo ranmase yo.
- PA jete pwodui chimik sou fatra w yo paske sa kreye lafimen ki danjere epi sa ka kòmanse yon dife chimik.
- Lave ak dezenfekte charyo w yo regilyèman pou diminye odè manje ki ka atire lous.
- Komisyon Konsèvasyon Pwason ak Espès Sovaj Florida (FWC) te bay direktiv ([colliercountyfl.gov/collection](http://colliercountyfl.gov/collection)) sou fason pou w fè fatra w yo reziste kont lous. Si te gen yon bagay nan yon resipyan pou anpeche lous antre, ou dwe defèt li anvan lè y ap pase ranmase fatra a (pa pita pase 6 a.m nan jou y ap ranmase a).

**Pou rapòte prezans yon lous,  
kontakte liy dirèk FWC Alèt bèt  
sovaj nan **(888) 404-3922**.**

### AWOZAJ

Pa gen okenn awozaj nan jou vandredi oswa nenpòt ki jou ant 10 a.m ak 4 p.m Awozaj fet sèlman twa jou pa semèn. Si adrès ou fini ak yon chif enpè, awozaj ta dwe fet sèlman nan Lendi, Mèkredi ak Samdi. Si adrès ou fini nan yon chif pè lè sa aawozaj ta dwe fet sèlman Madi, Jedi ak Dimanch.



# Ranmasaj Debri aprè katastwòf

Yo mande pou yo mete debri yon evènman yo te deklare ki se yon ijans yon kote espesyal pou yo ranmase yo. Men gid ou pou w separe ak anpile debri catastwòf te pwodwi.

- Pa kite debri yo ansanm ak fatra w abitye gen lakay ou ak bagay pou resiklaj yo.
- Debri yo dwe byen anpile, oswa ou dwe byen mete yo arebò lari a epi mete chak kalite debri apa.
- Pa mete okenn debri tou pre pyebwa, poto, machin oswa lòt estrikti. Sa gen ladan l bouch tiyo pou etenn dife, bwat kote yo mete lèt yo ak kontè.
- Pa bloke wout, pano siyalizasyon, rigòl oswa estrikti pou drenaj dlo lapli.
- Si w pa gen yon twotwa, kanal oswa liy sèvis piblik devan kay ou, mete debri arebò pwopriyete w la anvan arebò lari a.
- Yo pap ranmase okenn debri ou mete ant kay ou ak twotwa a.
- Yo pral ranmase debri ki arebò lari a pandan plizyè pasaj ak yon grif mekanik.
- Evite mete debri nan antre yo oswa lòt zòn ki ta ka lakoz domaj envolontè.

*Tanpri separe selon  
kalite yo ye:*

## **DEBRI VEJETAL APRÈ KATASTWÒF**

– mòso bwa, fèy, plant,  
branch bwa.





## **DEBRI KONSTRIKSYON AK DEMOLISYON**

materyo konstruksyon,  
chitwòk, mèb, tapi  
ak matla.



## **APARÈY ELEKTWONIK** – odinate, radyo, televizyon.



## **APARÈY ELEKTWOMENAJE AK PWODUI BLAN** –

klilmatizè, machin a lave,  
sechwa, frijidè. Retire tout  
bagay ki gate ak tout pòt.



## **FATRA DANJERE KI NAN KAY** – Iwil, penti alwil, pestisid ak pwodui chimik pou gazon. Yo ka pote yo tou nan yon sant nan konte a kote yo jete yo.



**Konsèy ekspè!** Evite pou fatra ki danjere yo pa melanje ak lòt  
fatra pou evite yo gaye.

## **Enstalasyon yo ak orè**

Pou lis aktyèl materyèl ki akseptab  
ak tarif yo vizite [Colliercountyfl.gov/dispose](http://Colliercountyfl.gov/dispose)

### **Sant pou depoze bagay ki ka resikle nan North Collier**

9950 Goodlette Frank Road North  
De lendi a Samdi  
8:30 a.m. rive 4:30 p.m.

### **Sant pou depoze bagay ki ka resikle nan Naples**

2640 Corporate Flight Drive  
De lendi a Samdi  
8:30 a.m. rive 4:30 p.m.

### **Sant pou depoze bagay ki ka resikle nan Marco Island**

990 Chalmer Drive  
De lendi a Samdi  
8:30 a.m. rive 4:30 p.m.

### **Sant pou depoze bagay ki ka resikle nan Tim Nance**

825 39th Avenue N.E. (akote fairgrounds)  
De lendi a Samdi  
8:30 a.m. rive 4:30 p.m.

### **Sant pou depoze bagay ki ka resikle nan Carnestown**

31201 Tamiami Trail East  
Dezyèm Samdi chak mwa  
9:00 a.m. rive 2:00 p.m.

### **Sant Pou Koleksyon Materyèl Danjere**

3728 White Lake Blvd.  
De lendi a Samdi  
8:30 a.m. rive 4:30 p.m.

### **Depotwa Collier County**

3730 White Lake Blvd.  
De lendi a Samdi  
7:00 a.m. rive 4:30 p.m.

### **Estasyon Transfè Immokalee**

700 Stockade Road  
De lendi a Samdi  
7:30 rive 11:30 a.m. ak 12:30 rive 3:30 p.m.  
7:30 to 11:30 a.m. and 12:30 to 3:30 p.m.